

## LIS POU PARAN &amp; FANMI

Ede pitit ou atenn objektif akademik li!

## METE ANFAZ sou nesite pitit ou genyen pou l kontinye travay byen lekòl

- Ede elèv la defini objektif epi fè plan pou ane akademik la.
- Mete anfaiz sou enpòtans vin lekòl chak jou.
- Revize travay ak nòt pitit ou avèk li regilyèman.
- Pale sou atant ou pou pwogrè akademik pitit ou.
- Sipòte pitit ou pandan w ap ede li adopte bon abitud pou etidye.
- Pale ak konseye akademik pitit ou pou fè sèten li sou bòn vwa pou l gradye avèk posiblite pou l jwenn yon Bous *Bright Futures*.
- Diskite ak pitit ou pou l pran kou siperyè oswa avanse.
- Ankouraje pitit ou a pran tès PSAT.



## ANGAJE konvèsasyon ak pitit ou sou sijè ki enpòtan

- Angaje nan lekòl pitit ou epi ankouraje patisipasyon l nan aktivite apre lekòl, klib, sèvis kominotè ak espò.
- Fè konesans ak zanmi pitit ou ak fanmi yo.
- Ede pitit ou konprann fason pou yo konpòte yo byen nan medya sosyal yo.
- Pataje sa w ap atann epi eksplike konpòtman ki kapab gen risk tankou bwè alkòl ak pran dwòg, eltr.

## EKSPLORE ak pitit ou

- Pale ak pitit ou sou objektif li pou demen epi ede planifye.
- Kòmanse panse ale vizite kolèj lokal ak ekspozisyon pou karyè.
- Chèche konnen fason pou peye pou kolèj; tankou, bousdetid ak Èd Finansye Federal si ou kalifye.
- Krete yon kont depay « saving » epi mande pitit ou pou li kontribye ladan gras ak jòb « part time » oswa job li fè pandan ete ya.

Edikasyon Apre Lekòl Segondè  
Pa Koute Chè!

Hosted by